

BAB I BUBUKA

A. Kasang Tukang Panalungtikan

Kabayan mangrupa tokoh imajinatif tina budaya Sunda anu sakaligus jadi tokoh imajinatif masarakat umum di Indonesia. Kalakuanna dianggap lucu, polos, tapi sakaligus pinter. Carita-carita lucu ngeunaan Kabayan di masarakat Sunda sumebarna sacara lisan mimiti abad ka-19 nepi ka ayeuna. Sakabéh carita Kabayan ngagambarkeun kahirupan sapopoé masarakat Sunda anu terus mekar luyu jeung kamekaran zaman. *Rassers (1941) menilai, Si Kabayan adalah tokoh ambivalen. Selain sebagai penghubung dan pewarta dari Sang Pencipta Semesta, ia juga dinilai sebagai tokoh yang mewakili totalitas dan kekuatan masyarakat yang bersifat membangun, tetapi juga menghambat. Ya, di dalam dirinya sifat ketuhanan dan demonis mewujud menjadi satu. Oleh karena itu, Rassers menganggap Si Kabayan adalah pahlawan budaya sekaligus tukang tipu.*

Si Kabayan manusa lucu tangtu loba dipikanyaho ku jalma. Ieu tokoh mémang, resep banyol, lugu, tapi kadang-kadang direpresentasikeun manusa anu pinter. Dina kahirupanana, Si Kabayan mindeng diomongkeun ku jalma, tangtu waé luyu jeung kahayang sarta kapentingan nu ngarang. Malah mah aya jalma anu percaya yén Si Kabayan lain tokoh fiktif. Nurutkeun maranéhna, makam Si Kabayan aya di Banten. http://www.kasundaan.org/id/index.php?option=com_content&view=article&id=61:si-kabayan&catid=43:sastra&Itemid=67 [20 April 2013].

Dina dongéng-dongéng buhun, Si Kabayan biasana digambarkeun urang kampung anu lingkunganana kawatesanan, misalna pamajikanna (Nyi Iteung), mitohana, jeung dununganana. Tapi dina dongéng-dongéng anu diciptakeun ayeuna, manéhna ogé kadang-kadang hirup di kota. Tapi sanajan kitu, angger waé kalakuanana digambarkeunana miboga sipat-sipat urang kampung.

Nurutkeun Jakob Sumardjo (2003) yén Si Kabayan tina aspék primordialisme urang Sunda. Manéhna nyawang yén "Si Kabayan miboga watek paradoks, pinter, sakaligus bodo. Manéhna pinter lamun kapentinganana

sorangan kaganggu, tapi manéhna bodo lamun keur dikawasa ku hawa nafsuna. Ieu téh nunjukkeun kawajaran urang Sunda pikeun nyeungseurikeun diri sorangan, kahéngkéran diri, jeung kahéngkéran manusa umumna."

"Di urang Sunda kumpul," ceuk Jakob, "di dinya aya seuri. Tétéla humor aya ogé hubunganna jeung masalah 'jero'. Sasaran humor nya éta maranéhna anu geus mangrupa bagian tina lingkungan éta." http://www.kasundaan.org/id/index.php?option=com_content&view=article&id=61:si-kabayan&catid=43:sastra&Itemid=67 [20 April 2013].

Wijsman ngahartikeun Kabayan téh nya éta pamong desa anu miboga pancén pikeun nepikeun berita. Éta istilah masih kénéh dipaké di daérah Jawa jeung Tanganan Pangringsingan. Wijsman ogé ngahubungkeun éta istilah jeung jalma anu biasa mingpin acara kenduri dina tokoh-tokoh carita Melayu. http://www.kasundaan.org/id/index.php?option=com_content&view=article&id=61:si-kabayan&catid=43:sastra&Itemid=67 [20 April 2013].

Nurutkeun Prof. Berg mah harti Kabayan tina sisi etimologina kecap kabayan asalna tina basa Sanskerta, *bhaya* anu hartina sieun. Hal ieu saluyu jeung gambaran Kabayan versi Tanganan Pangringsingan anu kudu miboga sifat "magis". Salian ti éta istilah Kabayan téh tina kecap dasar *bay* anu hartina awéwé. Hal ieu saluyu jeung ngaran Ken Bayan dina carita-carita Panji. http://www.kasundaan.org/id/index.php?option=com_content&view=article&id=61:si-kabayan&catid=43:sastra&Itemid=67 [20 April 2013].

Rassers (1941) nyebutkeun yén Si Kabayan mangrupa tokoh ambivalen. Salian ti salaku anu ngahubungkeun pewarta ti Sang Pencipta Semesta, manéhna ogé dipeunteun salaku tokoh anu ngawakilan totalitas jeung kakuatan masarakat anu sifatna ngawangun sakaligus ngahambat. Dina dirina sifat ketuhanan jeung demonis ngawujud jadi hiji. Ku sabab kitu, Rassers nganggap yén Si Kabayan téh salaku pahlawan budaya sakaligus tukang tipu. http://www.kasundaan.org/id/index.php?option=com_content&view=article&id=61:si-kabayan&catid=43:sastra&Itemid=67 [20 April 2013].

Saterusna Held (1951), anu ngabandingkeun Si Kabayan jeung panakawan tina lalakon wayang Jawa hususna tina segi fungsi lelucon-luluconna.

http://www.kasundaan.org/id/index.php?option=com_content&view=article&id=61:si-kabayan&catid=43:sastra&Itemid=67 [20 April 2013].

Di tatar Sunda, Utuy T. Sontani (1920-1979) nalungtik Si Kabayan. Ieu pangarang taun 1957 ngungkapkeun yén Si Kabayan mangrupa *manusa anu geus teu nanaon ku nanaon*. Maksudna, Si Kabayan geus jadi manusa anu leupas tina rupa-rupa rasa anu bisa mangaruhan manusa. Hartina, manéhna geus jadi *ubermensch*, istilah Nietzsche. Sanajan kitu, dina naskah dramana Utuy ngagambarkeun yén Si Kabayan salaku dukun anu dianggap sakti mandraguna, padahal manéhna ngan ukur ngulinkeun pasén-pasénna. http://www.kasundaan.org/id/index.php?option=com_content&view=article&id=61:si-kabayan&catid=43:sastra&Itemid=67 [20 April 2013].

Utuy T. Sontani anu dina karanganana ngeunaan kakayaan batin urang Sunda, miboga pamadegan yén dongéng-dongéng Si Kabayan mangrupa maniféstasi jiwa urang Sunda anu cageur jeung bageur (Rosidi, 2009: 34).

Ajip Rosidi (1964) miboga pamadegan yén tina carita Si Kabayan aya maksud nu tangtu. Nurutkeun Ajip, Si Kabayan lain jalma anu bodo, lantaran loba carita-carita Si Kabayan anu mindeng ngulinkeun mitohana sarta Kiai. Kiai éta bisa jadi personifikasi ulama, sedengkeun Si Kabayan mangrupa personifikasi urang Sunda. Sarta Islam asup ka Tatar Sunda sanggeus runtuhna karajaan Sunda. Ku kituna sastrawan Sunda anu nyiptakeun carita Si Kabayan saéstuna keur nepikeun kritik ngaliwatan jalan anu disamunikeun nya éta mangrupa lulucon. http://www.kasundaan.org/id/index.php?option=com_content&view=article&id=61:si-kabayan&catid=43:sastra&Itemid=67 [20 April 2013].

Pikeun nulis carita Si Kabayan anu anyar diperlukeun dasar pangaweruh filsafat, lain ngan saukur nulis carita wungkul. Carita Si Kabayan

mibanda dasar pandangan mistisisme jeung laku mistis éta mémang paradoks http://www.kasundaan.org/id/index.php?option=com_content&view=article&id=61:si-kabayan&catid=43:sastra&Itemid=67 [20 April 2013].

Tétéla loba pisan anu kungsi nalungtik Si Kabayan, di antarana Memen Durachman dina disertasina: “Pendidikan Karakter melalui Cerita-Cerita Jenaka Si Kabayan”, anu nyawang Si Kabayan téh nya éta jalma anu miboga karakter matak pikaseurieun. Aya ogé artikel “Kabayan dari Buku ke Buku”. Jakob Sumardjo ogé kungsi nulis buku “Paradoks Cerita-Cerita Si Kabayan”, anu nyawang yén Si Kabayan tina paradoksna atawa sabalikna. Éta panalungtikan téh medar perkara pendidikan karakter jeung paradoks dina kahirupan Si Kabayan. Panalungtikan nu medar watek jeung ajén falasifah hirup Si Kabayan masih langka, malah sakaterang can aya.

Ieu panalungtikan penting dilaksanakeun lantaran eusina ngungkab perkara watek jeung ajén falasifah hirup Si Kabayan. Ku cara kitu, bakal témbong jeung kagambarkeun kumaha watek jeung falasifah hirup urang Sunda dina umumna. Jadi ieu panalungtikan bisa jadi dasar pikeun etnopedagogik. Ku kituna, ieu tésis dijudulan “Dongéng Si Kabayan dina Kahirupan Masarakat Sunda (Tilikan Watek jeung Ajén Falasifah Hirup)”.

B. Watesan jeung Rumusan Masalah

1. Watesan Masalah

Dina ieu panalungtikan aya sawatara masalah anu perlu diwatesanan patali jeung falasifah hirup Si Kabayan. Éta watesan masalah téh patalina falasifah hirup salaku: pribadi, patali jeung pangéran, masarakat, alam, waktu, jeung kasugemaan lahir batin.

2. Rumusan Masalah

Sangkan pedaran leuwih nyoko kana objék anu rék ditalungtik, aya sawatara masalah nu perlu dirumuskeun, éta rumusan masalah téh bisa ditepikeun dina wangun kalimah pananya ieu di handap:

Budi Setia Budiman, 2013

Dongeng Si Kabayan Dina Kahirupan Masarakat Sunda (Tilikan Watek Jeung Ajeu Falasifah Hirup)
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- a. Kumaha watek palaku Si Kabayan dina dongéng?
- b. Kumaha tangtungan hirup Si Kabayan dina dongéng salaku pribadi, patali jeung Pangéran, masarakat, waktu, tempat, hontalan kasugemaan lahir batin?

C. Tujuan Panalungtikan

Tujuan ieu panalungtikan nya éta pikeun mikanyaho jeung ngadéskripsikeun dongéng Si Kabayan dina kahirupan masarakat Sunda. Ari déskripsina ngawengku:

1. watek palaku Si Kabayan dina dongéng tina omonganana, omongan palaku séjén, jeung paripolahna,
2. tangtungan hirup Si Kabayan dina dongéng salaku pribadi, patali jeung Pangéran, masarakat, waktu, tempat, hontalan kasugemaan lahir batin.

D. Mangpaat Panalungtikan

Ieu panalungtikan sakurang-kurangna aya dua mangpaat, nya éta

1. Mangpaat tioritis pikeun ngajembaran élmu pangaweruh ngeunaan aprésiasi sastra Sunda, utamana mah dongéng;
2. Mangpaat praktis pikeun dunya atikan bisa dipaké bahan ajar ka siswa ngeunaan dongéng Si Kabayan anu bisa dilarapkeun dina kahirupan sapopoé.

E. Raraga Tulisan

Ieu tulisan dibagi jadi lima bab. Bab I Bubuka, eusina ngawengku kasang tukang sim kuring nalungtik Si Kabayan. Bab II Kajian Tiori, eusina ngawengku kajian tiori-tiori ngeunaan dongeng, watek, jeung ajén falasifah hirup. Bab III Metode panalungtikan, eusina ngawengku metode panalungtikan anu digunakeun ku sim kuring dina ieu panalungtikan nya éta

Budi Setia Budiman, 2013

Dongeng Si Kabayan Dina Kahirupan Masarakat Sunda (Tilikan Watek Jeung Ajeu Falasifah Hirup)
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

metode panalungtikan kualitatif, ku cara ngadéskripsikeun watek jeung ajén falasifah hirup nu aya dina dongéng Si Kabayan. Bab IV Pembahasan, nya éta ngaguar watek jeung ajén falasifah hirup nu aya dina dongéng Si Kabayan. Bab V Kacindekan, nya éta nyindekkeun watek jeung ajén falasifah hirup nu aya dina dongéng Si Kabayan.



Budi Setia Budiman, 2013

Dongeng Si Kabayan Dina Kahirupan Masarakat Sunda (Tilikan Watek Jeung Ajeu Falasifah Hirup)
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu